



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRÈSKE 500,000 DOLA NAN PRIM POU FON KOMINOTÈ YAHOO OATH LA YO POU KONTE NIAGARA AK LOCKPORT

Pwojè yo ap sipòte inisyativ fòmasyon mendèv, alfabetizasyon, ti biznis, devlopman kominotè ak kreyasyon travay nan Rejyon Lwès New York la

Jodi a, Gouvènè Andrew Cuomo te anonse benefisyè finansman Fon Asistans Kominotè Yahoo (Yahoo Community Benefit Fund) Oath pou Lockport ak Fon Kominotè Yahoo (Yahoo Community Fund) Oath pou Konte Niagara, Empire State Development (ESD) te akòde a. Oath se yon filyal Verizon ki gen plis pase 50 mak medyatik ak teknolojik ki gen ladan AOL ak Yahoo ke yo fenk sot achte la. Nan kad akò 170 milyon dola Oath te fè ak Empire State Development lan pou yo tabli yon sant sèvis alakilyantèl epi agrandi sant done li deja genyen nan Konte Niagara a, yo te kreye Fon Kominotè a an 2015 anplis de angajman inisyativ konpayi an te pran anvè Lockport an 2010 la atravè Fon Asistans Kominotè a. Inisyativ kominotè a fè pati angajman Oath pran pou l estimile devlopman ekonomik nan Rejyon Lwès New York la, ki se yon sant ekselans teknik pou konpayi an. Pou sik finansman ane 2017 la, yo te akòde 427,826 dola pou 20 pwojè. Chak ane soti 2015 rive 2021, Oath pran angajman pou l akòde jiska 500,000 dola pou ogànizasyon kominotè nan Lockport ak zòn vwazen yo.

“Avèk investisman estratejik pou sipòte edikasyon ak devlopman nan Rejyon Lwès New York la, nou ap ranfòse ekonomi an epi estimile kwasans ak pwosperite pou jenerasyon aktyèl ak sila k ap vini yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Pwojè sa yo pral sipòte kwasans kominotè ak efò nou ap fè pou nou konstwi yon New York ki pi solid pou tout moun.”

“Sa ki te pi enpòtan pou nou nan rekonstriksyon ekonomi nou an te patenarya estratejik nou te fè ak anplwaye sektè prive a yo ki vle investi nan kominote nou yo”, **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, ki te anonse 20 gayan prim yo jodi a, te di**, “Objektif Fon Kominotè Yahoo an gen pou Konte Niagara ak Fon Asistans Kominotè a reflekte priyorite Gouvènè Cuomo ak Empire State Development lan te tabli yo, epi atravè efò nou ap fè ansanm yo, nou ap devlope yon mendèv ki trè konpetan anpil pandan n ap agrandi opòtinite pou pwochèn jenerasyon Nouyòkè an Rejyon Lwès la yo.”

Paul Bonaro, Direktè Prensipal Sant Tretman Done Oath la, te deklare “Se prensip fondamantal Oath la yo k ap dirije li epi youn nan prensip sa yo se ‘kreye sa k ap vini an’. Se poutèt sa nou pran angajman pou nou investi 3.5 milyon dola pandan sèt ane k

ap vini an yo nan lòt òganizasyon ki baze sou prensip k ap dirije yo k ap kreye epi fòme sa k ap vini nan kad edikasyon STEM, anviwonman ak devlopman ekonomik nan Rejyon Lwès New York la. Siksè operasyon lokal nou yo non sèlman se rezilta enjenyè ak mendèv ki plen talan nou genyen yo, men tou se akòz nou ap fonksyone nan yon anviwonman kote ki favorab a biznis. Se yon trè gran plezi pou Oath kontinye patenarya nou fè ak Rejyon Lwès New York la k ap benefisye nou toude.”

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development Ian, Howard Zemsky, te deklare, “Atravè Fon Kominotè Yahoo pou Konte Niagara a, ESD te kreye yon patenarya ak Oath ki pral bay plizyè pwojè atravè rejyon an yo sipò. Yo te chwazi pwojè k ap resevwa prim jodi a yo nan yon fason estratejik paske yo sipòte devlopman mendèv ki aliye ak estrateji devlopman Konsèy Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York la (Western New York Regional Economic Council) t ap chache jwenn pou rejyon an.”

Wm. Keith McNall, ki se Prezidan Kò Lejislatif Konte Niagara, te deklare, “Mwen kontan Empire State Development te akòde prim yo bay anpil antite beyn valab nan Konte Niagara ki ap fè enpak pozitif nan kominote yo. Mwen twouve li patikilyèman satisfèzan yo se investisman k ap fèt nan sit ak eritaj kiltirèl nan Lockport yo, kote Yahoo! sitiye a, ansanm ak finansman pou opòtinite edikasyonèl pou jèn Lockport ak Zòn Lès Konte Niagara yo nan domèn STEM ki varye tankou robotik ak syans agrikòl. Lè nou wè yon randman pozitif pou kominote lokal kote Yahoo ye a, sa afime efò gouvènman konte nou an ap fè pou yo atire anplwayè premye ran yo vin nan Konte Niagara.”

Majistra Niagara Falls Paul Dyster te deklare, “Rejyon nou an fyè pou l jwe wòl ebèjè k ap akeyi yon mache travay k ap agrandi rapid konsa gras a investisman Gouvènè Cuomo ak Fon Kominotè Yahoo a te fè yo. Pwogram inovatè sa bay sipò ki nesesè pou garanti biznis ak mendèv Konte Niagara a yo rete alatèt sektè teknoloji a pou anpil ane k ap vini ankò.”

Majistra Lockport Anne McCaffrey te deklare, “Gran vil Lockport nou an kontinye wè devlopman ekonomik ogmante gras a Gouvènè Cuomo ak konpayi tankou Oath yo, ak Fon Kominotè Yahoo a. Ni eta ni Oath toude wè enpòtans pou yo investi nan kominote a ansanm ak nan rezidan li yo pou biznis yo ka reyisi.”

ESD te konsidere pwopozisyon ki fè vanse youn oswa plis nan twa fasilite prensipal Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Rejyon Lwès New York la jan sa yo dekri sa nan plan estratejik REDC a, ki rele Yon Estrateji pou Pwosperite: Reyalize Kwasans Entèlijan, Ankouraje yon Kilti ki Favorab a Espri Antrepriz, ak Prepare Mendèv nou an (A Strategy for Prosperity: Implement Smart Growth, Foster a Culture of Entrepreneurship, and Prepare our Workforce) ak/oswa sipòte nenpòt sektè endistri yo sible nan rejyon an yo.

Pwochen seri finansman anyèl la pral kòmanse nan prentan 2018 la, avèk prèske 500,000 dola k ap disponib ankò atravè de fon sa yo.

Fon Kominotè Yahoo Oath pou Konte Niagara - Pwojè Empire State Development te Akòde Prim lan yo

Angaje Niagara - Agrandisman Sant Rezo Elektwonik Biznis Fanm lan (Women's Business Center E-Network) nan Konte Niagara - yon sibvansyon 18,500 dola
Canisius College

Yo konsevwa Rezo Elektwonik lan (E-Network) espesifikman pou fanm k ap travay nan sektè biznis epi se fanm ki posede biznis ki soti nan Konte Niagara ki pral fasilite li, epi ki pral sèvi tou kòm yon kòm modèl konseyè pou chak fanm ki nan pwogram lan yo.

Sant Resous ak Konsèy pou Alfabetizasyon Adilt (Adult Literacy Drop In Center) Niagara Falls la: Pwojè Anboche yon Apranti Adilt (Hire An Adult Learner Project) - yon sibvansyon 13,575 dola

Literacy New York Buffalo-Niagara

Yo pral tabli yon Sant Resous ak Konsèy pou Alfabetizasyon Adilt nan Niagara Falls pou ogmante konpetans literè rezidan nan Konte Niagara yo epi konekte yo ak anplwa oswa opsyon pou yo resevwa plis fòmasyon.

A Tout Vitès (Full STEAM Ahead) - yon sibvansyon 15,000 dola

Niagara Falls Boys & Girls Club (NFBGC)

Pwogram A Tout Vitès la se yon pwogram apre lekòl k ap itilize yon melanj plizyè pwogram ki gen ladan edikasyon aprantisaj eksperyansyèl ak anviwonmantal, syans enfòmasyon, yon baz konpetans nan teknoloji ak yon seri aktivite yo fè ki itilize tablèt. NFBGC pral travay ak Distri Lekòl Niagara Falls la pou planifye ak konsevwa aktivite avèk anplwaye lekòl yo pou yo sible konpetans ak konsèp pou ede etidyan yo pratike sa yo aprann pandan lajounen an yo.

Pwojè Fòmasyon Swen Kominotè Kowòdone Niagara a (Niagara Community Care Coordination, NCCC) - yon sibvansyon 19,557 dola

Niagara Falls Memorial Medical Center (NFMMC)

Patenarya pou fòmasyon travay ant NFMMC ak NCCC a pral ofri fòmasyon swen kowòdone gratis bay 60 rezidan lokal ki ap travay aktyèlman oswa k ap chache travay nan domèn swen sante, ajans sèvis, ak òganizasyon kominotè yo. Objektif prensipal fòmasyon an se pou l ofri konpetans ak ladrès nan swen kowòdone miltidisiplinè.

Pwogram Edikasyonèl Vizit Lekòl 2017-2018 la; Flintlocks and Council Fires - yon sibvansyon 30,750 dola

Old Fort Niagara Association

Ap pote istwa kòmansman Rejyon Lwès New York la pou etidyan atravè tout rejyon an yo ka aprann, lè yo tabli yon nouvo pwogram pou ane akademik 2017-2018 la, "Flintlocks and Council Fires: Fort Niagara in War and Peace" (Platòn a Silèks ak Sèt Konsil Siyou yo: Lapè ak Lagè nan Fort Niagara), pral prezante istwa Endyen Ameriken, Fransè, Anglè, ak kòmansman istwa Ameriken an nan Rejyon Niagara a. Pwogram sa pral ofri aktivite dinamik ki pral enfòme elèv yo.

Amelyore Aksè a Bò Rivaj Dlo ak Abita Bèt Sovaj yo nan Vale Niagara - yon sibvansyon 100,000 dola

WNY Land Conservancy

Pwojè a pral konekte moun ak Vale Niagara sou tout longè Rivyè Niagara nan Niagara Falls epi restore ekosistèm lan yo. Eleman yo gen ladan: koleksyon ak pwopagasyon

grèn plant natif yo, kontwòl plant envazif yo, plante plant natif ak amelyore yon jaden kominotè ki tou prè Vale Niagara a.

Pwojè ki resevwa Fon Asistans Kominotè Yahoo Oath la yo

Lock Tender Tribute (Omaj a Eklizye a) - yon sibvansyon 30,000 dola

Lockport Locks Heritage District

Yon foto eklizye ki chita sou mach fame Flight of Five Locks la (Vole Mach Senk Seri yo) nan Lockport ki anblematik epòk 19èm Syèk la te enspire omaj sa a, epi objektif li se pou kreye yon eskilti menm eklizye sa yo a grandè reyèl an bwonz, pou mete yo sou menm mach yo lè yo fin restore Flight of Five Locks la.

Inisyativ Bous Detib BISON Konte Niagara a - yon sibvasnyon 10,000 dola

BISON Children's Scholarship Fund

Sipòte sèt timoun ki soti nan fanmi ki gen revni fèb pou yo ale nan yon lekòl elemantè prive yo chwazi pou ane akademik 2017-18 la.

Pwogram Entèjenerasyonèl Dale Association la - Tab Elektwonik pou Ekri, Li ak Aprann Istwa - yon sibvansyon 13,019 dola

Dale Association, Inc.

Sibvansyon sa a pral finanse acha tablèt Lenovo ak lojisyèl ak ekipman asosye yo pou elèv lekòl nan klas elemantè yo kap patisipe nan Pwogram Entèjenerasyonèl la yo ka itilize yo pou yo sipòte efò pou yo li, ekri ak aprann istwa (HISTOP)

Pwogram Aprann Esket la (Learn to Skate) - yon sibvansyon 12,375 dola

Lockport Ice Arena and Sports Center

Sipòte pwogram Aprann Esket la pou timoun fanmi yo pa gen mwayen pou yo peye pou timoun yo patisipe yo.

Pwogram Gid Benevòl pou Jèn lan (Junior Docent Program) - yon sibvasnyon 4,671 dola

Niagara County Historical Society

Pou edike ak fòme elèv ki nan klas presegondè ak lekòl segondè yo pou yo vin sèvi kòm Gid Benevòl/Fasilitatè Pwogram yo nan Sant Istwa Niagara a.

The Salvation Army (Lame Sali a) nan Lockport - Konble Eka a (Bridging the Gap) - yon sibvansyon 30,000 dola

The Salvation Army- Lockport

Sipòte pwogram Konble Eka a, ki se yon pwogram inik k ap sèvi jèn ki nan, a risk, oswa a risk elve pou pwosedi jidisyè yo, ki gen ant 16-19 an atravè Konte Niagara yo.

AgLab - yon “sal klas sal” (“dirty classroom”) pou aprantisaj ak eksplorasyon pratik - yon sibvansyon 20,913 dola

Cornell Cooperative Extension of Niagara County

Yo konsewa pwogram edikasyon ki baze sou STEM AgLab la pou pwomouvwa aprantisaj sou sistèm agrikòl ak alimantè yo, pandan l ap enspire pwoteksyon anvwonnmantal, atravè edikasyon ak aktivite pratik ki baze sou rechèch pou jèn, adilt ak fanmi yo.

Edikasyon Eksepsyonèl (Out of this World Education) - yon sibvansyon 8,217 dola

DeSales Catholic School

Pwojè Edikasyon Eksepsyonèl la pral kiltive enterè, pasyon ak konesans sou Lespas an koneksyon ak STEM pami etidyan yo.

Renovasyon Gichè pou Achte Tikè oswa Pase Pran Tikè ki Achte deja yo (Will Call/Ticket Box Office Renovation) - yon sibvansyon 50,000 dola

Historic Palace Inc.

Renovasyon Zòn Gichè pou Achte Tikè oswa Pase Pran Tikè ki Achte deja yo pral non sèlman ofri modènizasyon yo byen bezwen ki pral pi bèl pase sa ki la, men sa pral pèmèt li fonksyone pi byen nan kad fason Palace la vann ak jere vant tikè yo, epi l ap bay yon sous revni adisyonèl.

Rantre nan Kabann Sen e Sof (Tucked in Safe and Secure) - yon sibvansyon 24,937 dola

Lockport CARES, Inc.

Finansman sa a pral founi kabann konfòtab, pwòp ki pa gen bèt pou tout envite ki nan refij ijans sanzabri yo epi asire gen sekirite ensandi, sekirite pèsonèl, ak sekirite an jeneral nesèsè pou tout envite, volontè ak manm anplwaye yo.

Rekonstriksyon soti depi Anba rive Anwo (Rebuilding From the Ground Up) - yon sibvansyon 6,512 dola

Youth Mentoring Services of Niagara County

Sipòte amelyorasyon nan bilding lan, alanteryè tankou aleksteryè, ki pral ofri yon anvwonman ki pi akeyan pou fanmi ak timoun k ap itilize sèvis nou an yo pandan ane a.

Sant Resous ak Konsèy pou Alfabetizasyon Lockport la - yon sibvansyon 10,000 dola

Literacy New York Buffalo-Niagara

Sipòte premye Sant Resous ak Konsèy pou Alfabetizasyon Lockport la pou founi adilt ki analfabèt fonksyonèl yo aksè imedya pou yo pran leson Lekti Elemantè oswa Anglè kòm Lang Segondè nan yon lokalite ki jewografikman divès, pratik epi ki baze nan katye a.

Ekip Robotik Lekòl Segondè Lockport la - Ekip Warlocks 1507 la - yon sibvansyon 5,000 dola

Lockport Robotics Inc.

Sipòte patisipasyon elèv lekòl segondè yo nan pwogram ki baze sou STEM ak konpetisyon asosye yo.

Devlopman Lidèchip Kominotè - yon sibvansyon 4,800 dola

Leadership Niagara

Founi asistans frè eskolè pou Leadership Niagara pou moun k ap viv oswa k ap travay nan Tivil oswa Vil Lockport la yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Fon Kominotè Yahoo Konte Niagara a tanpri vizite: <http://www.esd.ny.gov/BusinessPrograms/YahooFund.html>.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans devlopman ekonomik anchèf New York. Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki fò ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo dyòb ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Avèk itilizasyon lajan yo prete, sibvansyon, kredi fiskal ak lòt fòm asistans finansyè, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon djòb, epitou sipòte kominote pwospè yo atravè tout Eta New York la. ESD se egalman ajans administratif prensipal kap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo ak komèsyalizasyon “I Love NY”, mak touris anblemantik Eta. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsil Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite <http://www.regionalcouncils.ny.gov> ak www.esd.ny.gov.

Enfòmasyon sou Oath

Oath, ki se yon filyal Verizon, se yon konpayi ki kite prensip dirije l, ki pran angajman pou l konstwi mak moun renmen. Nou te rive atenn yon milya moun atravè mond lan avèk yon kominote ki gen plis pase 50 mak medyatik ak teknolojik. Antanke yon lidè mondyal nan domèn dijital ak mobil la, Oath ap fòme avni domèn medya. Pou plis enfòmasyon sou Oath, vizite www.oath.com.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418